

## Videyo Pwen Diskisyon ke Direktè Lekòl Mwayen Corkscrew a Itilize pou Akeyi Vizitè

Sali! Non mwen se Rona Smith, e mwen fyè kòm direktрис Lekòl Mwayen Corkscrew a, e mwen kontan anpil pou mwen kapab pataje mesaj sa a avèk ou an liy.

Malgre nou pa kapab reyini an pèsòn aktyèlman, nou kontan anpil pou nou reyini e salye elèv klas 6yèm ane nou yo ki ap monte pou sezon otòn nan. Lekòl Mwayen Corkscrew a se yon bon kalite lekòl mwayen; li genyen anpil opòtinite pou elèv aprann e avanse. Nou menm se Hawks e nou ofri yon gwo gam òf sou kou akademik e elektif.

Eske ou te konnen ke Lekòl Mwayen Corkscrew a genyen yon manb pèsònèl eksepsyonèl e elèv nou yo se yon fanmi trankil ki konsantre pou remèt kominote nou an! Nou kontan anpil pou pataje avèk elèv nou yo “Pouvwa pou Dirije ak Destine pou Pote Siksè” pandan nou ap travay pou elèv nou yo aprann 7 Abitid poiu Moun ki Efikas Anpil ansanm lidè ki ap devlope nan lekòl nou an. Lekòl Mwayen Corkscrew a genyen istwa ki fyè pou mentni yon estati lekòl A chak ane! Lekòl Mwayen Corkscrew ofri pwogram anvan ak aprè lekòl e li genyen anpil klib, ki enkli Scholar Bowl, Kindness Club, Teen Trendsetters, Debate Club, National Junior Honor Society, mathletes e Mu Alpha Theta. Nou ap laji pwogram mizik nou an rapidman avèk pi bon direktè nan Collier County e anplis yon dezyèm pwofesè òkès/koral! Ansanm ak sa a, nou ofri pwogram espò aprè lekòl mwayen nan otòn, livè e prentan! Nou ofri tout nivo defi akademik ak sipò daprè sou bezwen elèv yo. Nou travay avèk elèv pou nou kapab swiv done akademik, selebre syans avèk evènman tankou fwa syans, kous machin solè, jeni e wobotik e nou genyen bon jan kalite klas antreprenarya ki fè non li, paske ane pase te genyen 8 lòt konte ki te soti nan tout Florid pou vizite lekòl nou an; ou wè li an aksyon! Nou fyè anpil de Hawks nou yo ki pran kontwòl nan klas yo e sou teren! Mentnan ou konnen pou kisa Hawks nou yo pran Destine pou Fè Siksè!

Kòm ou kapab wè, genyen anpil pou aprann e eksperyans pou fè nan Lekòl Mwayen Corkscrew a. Nou okipe nan fè preparasyon pou lòt ane e nou vle pataje kèk enfòmasyon adisyonèl avèk ou.

Anplis videyo a, ou pral resewa yon mesaj nan PowerPoint ki pral ofri enfòmasyon adisyonèl sou kisa pou espere nan lekòl mwayen.

Ou pral resevwa tou enfòmasyon sou pwosesis pou seleksyon kou ke nou pral ansenye pandan pwochen detwa semenn yo.

Kòm toujou, nou pral rann tèt nou disponib nan telefòn epi/oswa adrès elektwonik pou reponn kesyon ou. Mete ou alèz pou kontakte Asistan Direktris Kourikoulòm nou an dirèkteman, Madam Peacock nan 377-3402, oswa mwen menm nan 377-3404, nou toujou disponib! Pa bliye swiv nou nan Facebook e Twitter pou anpil enfòmasyon sou ane eskolè pwochè nan! Ou kapab ale nan adrès elektwonik nou tou nan sit entènèt lekòl la.

Nou pral kontinye rete an kontak avèk ou si genyen enfòmasyon ak chanjman pou kominike avèk ou e nou pa kapab tann pou rankontre ou nan mwa out!